




# Home Link - Haitian Creole



## (Lyen ak Lakay) Inite 6: Bagay ki Grandi: Semèn 1

Chè Fanmi: Nan inite sa a ptit ou pral aprann sou bagay ki grandi. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk ptit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: \_\_\_\_\_

### Langaj

#### Kisa k ap Grandi nan Katye a:

(Anrapò ak liv *Zinnia's Flower Garden*)

Fè yon ti mache nan katye a epi note kèk bagay diferan k ap grandi tankou flè, plant, jaden vwazen yo, petèt menm ti bebe!  
Pran foto kèk bagay ki grandi. Envite ptit ou an desine epi rakonte w sa li remake.

#### Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Kisa w te note?
- Kisa bagay diferan (plant, zanim, moun) bezwen pou yo grandi?
- Kisa w ta renmen fè grandi?  
Poukisa?

### Gwo Mouvman Misk

#### Sik (peryòd) vi yon plant:

(Anrapò ak *Zinnia's Flower Garden*)

Mande ptit ou an ki kalite plant li ta renmen ye. Pran pòz ptit ou an se semans lan epi, ou menm, ou se jadinye a. Plante semans lan (timoun nan) nan tè a, kouvri l avèk tè, rouze l avèk dlo, epi chofe l ak reyon limyè solèy la. Ankouraje ptit ou an pou l jwe wòli menm k ap grandi antake yon jèn semans, pou l devni yon flè oswa pyebwa, osinon yon plant legim. Chanje wòli nou yo.

#### Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki kalite plant ou ye?
- Ki premye bagay ki dwe rive?
- Ki sa ki pase aprè?

### Alfabetizasyon

#### Chante Ansanm:

Sa a se yon chante ptit ou an dwe abitye avè l. Fè jès avèk men n ak dwèt nou pou n montre kantite yo pandanke n ap konte pa bak.

#### Five Little Ducks

Five little ducks went out one day  
Over the hill and far away.

Mother duck said "Quack, quack, quack, quack."

But only four little ducks came back.

Four little ducks went out one day  
Over the hill and far away.

Mother duck said "Quack, quack, quack, quack."  
But only three little ducks came back.

Three little ducks went out one day  
Over the hill and far away.

Mother duck said "Quack, quack, quack, quack."  
But only two little ducks came back.

Two little ducks went out one day  
Over the hill and far away.

Mother duck said "Quack, quack, quack, quack."  
But only one little duck came back.

One little duck went out one day  
Over the hill and far away.

Mother duck said (LOUDLY)  
"Quack, quack, quack, quack."  
And all five little ducks came back.

### Matematik

#### Konte e Deplase Ann Avan ak Pa Bak:

Kòmanse nan yon pozisyon akoupi epi kanpe tou dousman pandan n ap konte byen fò jiska 10 oswa depase 10. Apresa, konte pa bak, sot nan 10 oswa pi wo, epi desann tou dousman.

### Li e Pale Ansanm (20 minit)

#### Kesyon pou Kòmanse Konvèsesasyon:

- Sou ki sa w panse liv sa a pral pale?
- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?
- Ki pèsonaj ou pi renmen?

## Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak ptit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik lokal ou a epi jwenn kèk gwo liv sou bagay k ap grandi.

Lendi \_\_\_\_ Madi \_\_\_\_ Mèkredi \_\_\_\_ Jedi \_\_\_\_ Vandredi \_\_\_\_ Samdi \_\_\_\_ Dimanch \_\_\_\_

#### Liv n ape li lekòl la:

*Zinnia's Flower Garden* ekriven: Monica Wellington

#### Lòt liv ou menm ak ptit ou an kapab jwi ansanm:

*The Tiny Seed* ekriven: Eric Carle  
*Planting a Rainbow* ekriven: Louis Elhert

## Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **bouke** se yon gwoup flè yo keyi epi yo mare ansanm oswa yo mete nan yon vaz.”
- Pandanke n ap li, poze ptit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Se kòman Zinnia te pran swen jaden I lan?”